

Lwa Dwa Moun Vil Nouyòk la Pwoteje Moun ki Resewwa Seksyon 8 ak Lòt Asistans Gouvènman Kont Diskriminasyon Nan Lojman

Si yon bilding apatman genyen sis (6) oswa plis apatman, mèt kay la PA KA :

- Refize lwe ou yon apatman paske ou resewva asistans federal, eta, oubyen lojman lokal oubyen piblik, tankou Seksyon 8.
 - Refize aksepte asistans federal, eta, oubyen lojman lokal oubyen piblik, tankou Seksyon 8, pou peye lwaye a, kit ou se yon nouvo lokatè oubyen ou te la deja.
 - Pibliye piblisite, tankou piblisite sou entènèt oubyen nan journal, ak pano ki di yo refize aksepte pwogram.
- Kelkeswa kanite apatman ki nan bilding la, mèt kay la dwe aksepte asistans pou lwaye ou a si :
- Lwaye apatman ou an kontwòl epi ou te abite la lè lwa a te antre an vigè an mas 2008 ; oubyen
 - Mèt kay la genyen yon lòt bilding nan NYC ki genyen sis oswa plis apatman.

Lwa Dwa Moun Vil Nouyòk La



Pwoteje Moun ak Koupon Seksyon 8 yo kont Diskrimnasyon nan Lojman

Si yo refize ou yon apatman oubyen mèt kay ou a refize aksepte koupon Seksyon 8 ou a oubyen lòt koupon asistans gouvènman, ou dwe kontakte Biwo Aplikasyon Lalwa nan **Komisyon Pou Dwa Moun Vil Nouyòk la sou 311.**

Komisyon Pou Dwa Moun Vil Nouyòk
Michael R. Bloomberg, Majistra
Patricia L. Gatling, Komisè/Prezidan
www.nyc.gov/cchr

